

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Basa téh mangrupa alat komunikasi anu kawilang penting dina hirup kumbuh urang sapopoé. Ku ayana basa, urang bisa ngayakeun hubungan jeung sasama manusa dina nepikeun kahayang jeung rupa-rupa pamaksudan.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta Métode déskriptif. Alesan pangna ngagunakeun Métode déskriptif ieu panalungtikan téh bakal nganalisis sarta ngaklasifikasikeun data. Data anu baris didéskripsikeun nya éta adegan pragmatis kalimah paréntah, anu ditilik dumasar kana kategori, adegan , jeung harti.

Dumasar kana analisis jeung déskripsi data, hasil panalungtikan manggihan 293 kalimah pragmatis paréntah, anu bisa dirangkum jadi opat bagian, nya éta (1) wangun pragmatis kalimah paréntah, (2) ma'na pragmatis kalimah paréntah, (3) tahapan prgamatis kalimah paréntah, jeung (4) wanda pragmatis kalimah paréntah.

*Kahiji*, wangun pargamtis kalimah paréntah mangrupa rupa-rupa kalimah paréntah disawang tina jumlah klausa. Kapanggih aya dua wangun pragmatis kalimah paréntah, nya éta kalimah paréntah salancar jeung kalimah paréntah salancar ngantét.

*Kadua*, ma'na pragmatis kalimah paréntah mangrupa ma'na kontékstual anu aya atawa dikandung ku kalimah paréntah. Kanggihan aya 13 ma'na pragmatis kalimah paréntah, nya éta (1) panitah, (2) pangjurung, (3) pamedih, (4) pamaksa, (5) pangharepan, (6) panyaram, (7) pangajak, (8) panghempek, (9) pangwawadi, (10) panggero, (11) pangéling, (12) pangécés, jeung (13) palias.

*Katilu*, tahapan pragmatis kalimah paréntah mangrupa rupa-rupa kalimah paréntah disawang tina undak usuk basa atawa tatakrama basa. Kapanggih aya opat tahapan pragmatis kalimah paréntah, nya éta (1) kalimah paréntah nu tahapan pragmatisna lemes (hormat), (2) kalimah paréntah nu tahapan pragmatisna wajar, (3) kalimah paréntah nu tahapan pragmatisna kasar, jeung (4) kalimah paréntah nu tahapan pragmatisna campuran.

*Kaopat*, wanda pragmatis kalimah paréntah mangrupa prinsip-prinsip pragmatis kalimah paréntah, anu ngawengku (1) gaya kuantitas (57,68%), (b) gaya kualitas (9,56%), (c) gaya rélevansi (6,49%) , jeung (d) gaya pelaksanaan (26,28%).

*Kalima*, karakteristik pragmatis kalimah paréntah mangrupa tanda-tanda atawa ciri-ciri anu nuduhkeun kalimah paréntah dibédakeun jeung pungsi kalimah lianna. Adegan kalimah paréntah diwangun ku kecap, frasa, atawa klausa ditambah ku lentong paréntah. Jaba ti éta, kalimah paréntah boga ciri khusus nu mangrupa kecap panambah paréntah. Kalimah paréntah mibanda rupa-rupa ma'na

pragmatis anu muncul balukar tepungna kecap paréntah jeung kecap, frasa, atawa klausa dina wangun kalimah paréntah.

Dumasar kana data-data di luhur, bisa di cindekkeun yén wangun, tahapan, harti, jeung wanda pragmatis kalimah paréntah kapanggih dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karangan Ahmad Bakri.

### 5.3 Saran

Dumasar kana kacindekan di luhur aya sawatara saran anu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

*Kahiji*, ieu panalungtikan téh kakara ngajaring kalimah paréntah anu kapanggih dina sumber ragam basa tulis. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik kalimah paréntah anu sumberna ragam basa lisan.

*Kadua*, ieu panalungtikan masih kénéh murni, nya éta nganalisis kalimah paréntah tina harti jeung tahap pragmatiska. Masih aya kénéh aspék pragmatis anu can kaungkab, nya éta wanda pragmatis kalimah paréntah saperti disawang tina (a) prinsip gawé bareng (maksim kuantitas, kualitas, relevansi, jeung pelaksanaan); sarta (b) prinsip kasopanan (maksim kawijaksanaan, panarimaan, kanyaah, handap asor, kasaluyuan, kasimpatian). Jaba ti éta, hasil panalungtikan can dipatalikeun kana bahan katut prosés pangajaran di sakola. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu ngulik bahan ajar kalimah paréntah, ambahan jeung legana bahan, padika ngajarkeun, jeung cara ngévaluasina.

*Katilu*, ieu panalungtikan kalimah paréntah sipatna déskriptif-kualitatif. Sigana perlu aya panalungtikan ngeunaan kamampuh siswa dina ngagunakeun jeung nganalisis kalimah paréntah.

